

ABSTRAK

Aghnia Siti Nur Habibah. (2021). *Analisis Kamampuan Pamecahan Masalah Matematis sareng Self-Regulated Learning Murid Sakola Menengah ngagunakeun pendekatan Realistic Mathematics Education.*

Kamampuan matematis anu kedah dipimilik ku murid salah sahijina nyaéta kamampuan pamecahan masalah matematis sareng salah sahiji kamampuan dina aspek afektif anu kedah dipimilik ku murid nyaéta Self-Regulated Learning. Kanggo ningkatkeun kamampuan pamecahan masalah matematis sareng Self-Regulated Learning murid dibutuhkeun diajar anu tepat, salah sahijina nyaéta sareng pendekatan Realistic Mathematics Education. Panalungtikan ieu gaduh tujuan kanggo: (1) supados terang kamampuan pamecahan masalah matematis murid ngagunakeun pendekatan Realistic Mathematics Education; (2) supados terang kamampuan Self-Regulated Learning murid ngagunakeun pendekatan Realistic Mathematics Education; (3) korelasi antatra kamampuan pamecahan masalah matematis sareng Self-Regulated Learning. Metode anu digunakeun dina panalungtikan ieu nyaéta metode panalungtikan kualitatif sareng jenis panalungtikan studi literatur. Sumber data anu digunakeun dina panalungtikan ieu nyaéta data primer sareng data sekunder, nyaéta data tina artikel anu patali sareng kamampuan pamecahan masalah matematis, Self-Regulated Learning, sareng pendekatan Realistic Mathematics Education. Teknik panalungtikan anu digunakeun dina panalungtikan ieu nyaéta Editing, Organizing, sareng Finding. Analisis data anu digunakeun nyaéta Induktif, Interpretatif, sareng Komparatif. Hasil panalungtikan nunjukkeun bahwa: (1) kamampuan pamecahan masalah matematis murid ngagunakeun pendekatan Realistic Mathematics Education aya paningkatan anu sae; (2) Self-Regulated Learning murid ngagunakeun pendekatan Realistic Mathematics Education aya paningkatan anu sae; (3) korelasi antara kamampuan pamecahan masalah matematis sareng Self-Regulated Learning murid gaduh korelasi sareng hubungan anu positif.

Kecap Konci: *Kamampuan Pamecahan Masalah Matematis, Self-Regulated Learning, Pendekatan Realistic Mathematics Education*